«БУСТАН» жайни тIера

**Нийсонаххий, хьикматаххий, кхетамаххий**

Ануширвана[2], ша вала вижча дIа,

Хормуз чукхойкху, цуьнга весет дан:

«Йита, воI, хьо веха аьхна петарш,

Халкъан халчу кхожа-декъах кхета.

Муха Iийр ву тоамбина хьайх,

Эзарнашкахь гуш и миска нах?

Мобедашна[3] бехказло яц хьийзо,

Iу тхьевсина, жашлахь бертий[4] хьийзахь.

Хьайн тIома кIел лаца миска нах,

Халкъан гIайгIа бе, хIай хьикме шах!

Шах – и дитт ду, халкъ бу цуьнан орам,

Орамехь делахь, ду диттехь гIора.

Ткъа халкъ къизан-готтан хьовзадахь,

И хьайн орам бухабоккху ахь.

Делах кхоьруш, гIуо хьайн новкъа хьалха,

Некъа тIера чан хилла, ца кхалха.

Дика дезар, гома хилар вуо

Дала ша, вай кхуллуш, делла ду.

Шахан хьукма мел ду бакъон тIера,

Ахриман[5] а хIума дац, халкъ кхеро.

Халонгахь верг хьалхавоккхучо –

Къинхетаман дош тIедоккху цо.

Шахо дитахь халкъ самалхадала.

Iалашвийр ву ша и Везчу Дала.

Ткъа халкъана шахо тиллахь кож,

Цо махканий, шений туху хIож.

Хьо иштачу махкахь ма соьцийла,

ХIай ийманан охIла! Ма лоьхийла

Нах богучохь дийна боллушехь

Цхьа а дика, [illegible] къа хьарчадо ахь.

Iадбиталахь сонта, Iехабелла,

Делан кхоьлах кхоьруш боцу элий.

ЖоьжагIати йоккхуш воллу ша

Адам балехь латтош волу шах.

ЧIагIо йохар, Iовра-схьовра, эхь а –

И ю халкъо Iазап лар́ан тIаьхье.

Ахь бехк боцу стаг ма воьйла, шах!

Хьан Iедалан бIогIий ду и нах.

Букъ саттийна къахьоьгучу наха

ХIун лов хьажа, уьш ахь атчабаха.

Эхь ма ду, ахь царна йинехь вас

Церан хьокъой бен, хьо кхобуш вац».

Тажах[6] вухуш, дуьненах дог дуьллуш,

Шуруйэга Хасровс[7] а аьлла хуьлу:

«Сийлахьчух де синна къилба ахь,

Хьожуш хила,  хьайн халкъ муха Iа.

Хьайн пачхьалкхехь бакъ хилийта тоьлла,

Я вуьтур хьо халкъо букъ а тоьхна.

ЦIарах санна, уьдур бу хьох нах,

Хьан вуо цIе дIаяржош дуьненахь.

Паччахь, адам балехь латтош волу,

Бакъдолуш, шен орам бакъош воллу.

Эзар балех хьалхаваларх и,

Вер вац нанойн, берийн бIаьрхийн къих.

Бай кхобучу нанас пхьуьйран хенахь,

Байн хьашташна гIийла бIаьрхиш Iенош,

Латийначу къуьданан цхьа суй

Сийлахь пачхье[8] яго тоьур бу.

Ша боккъал а ирсе ву цхьа паччахь –

Нийсо Iийриг шен олаллин баьрчехь.

Шен хастаме некъ бина, дIавоьдуш,

Дерриг халкъ хир ду и Деле воьхуш.

Дикниг, вуониг – вала ший а ле,

Тоьлург ду шех йитар дика цIе».

***

Даржийн дай ахь хьаналчарех бе –

ТIаьхьало яц, цара йийриг бен.

Къахьоьгучийн ял ма эшаяйта,

Мехкан беркат дебар дац, и яйтахь.

Хьалькамо ден зиэ ду бIозза зиэ –

Ч1огIачех ахь цунна таIзар де!

Дикачунна дика ган а деза,

Вочо эшорг хилийта шен доьзал.

Нахана ницкъ бечаьрга, бакъ ле

Бохуш, ма-ттов ахь кхайкхамаш-м бе –

Цхьаъ бен бац некъ уьш бакъонна тIе берзо,

Шайн орамца уьш бухабаха беза.

Нийсо йоцчу къедийн кортош даха,

Хьарам дуург – къахьде царна дахар.

Талоршна ахь бертийн ехка ка,

ХIаллакьхиларх хьалхадаккха жа.

***

Талорхоша юкъаверзош ша,

Совдегаро дика аьлла цкъа:

«Къанбеллачу зударийн сур тоьлу

Шахан бIонал махкахь талорш тоьллехь.

Декъаза бу талорш тоьлла мохк,

ХIума хир дац цигахь санехь, токх.

Талорш совцо Iедал доцчу махках,

Дала бицбой! – вогIу-воьдург къаьхка».

Нахалахь хьайн йита сийлахь цIе,

Махкана тIевуссург Iалашве.

Пхьор хIоттаде, массо хьаште хьажа, 

Хастаме дерг хьешехула даьржа.

Ларам боцчо беш шен хьаша-ден

Мехкан хазна, мохк а бо шен къиэн.

Iадат, дин а  ший а ларош хила,

ВогIу-воьдучунна ков ма къийла.

Хьешийн, совдегарийн, дарвийшийн

Сий де, некъаш талорхойх цIанде.

Амма лерг а, бIаьрг а сема дита,

МостагIийн цхьа айкх хьайн чу ца вита.

***

Питна уьйъурш байъа сих ма ло,

Хьайн куьг кхочехь баха мукъ ма ло.

Хьикма долу паччахь даим хир ву

Дикниг лоруш, ткъа вочаьрца – чIире.

Оьзда, хьикме, махкахь нийсо, чIана

Латтош хила, Дала – хьайна санна.

ГIаьпнаш эга, ялхо, шах а ле,

Гуттар еха дика яхна цIе.

БIешерашкахь адмийн иэсехь лаьтта

Маьждигаш, тIеш,

цIенош дуьтург лаьттахь.

Шех цхьаъ дуьтуш воцург – и вицво,

Стом ца латон дитт шех хуьлий вов.

ДIа ма-ваьлла, вицво иза наха,

Кхин диканца хьаха ца во цкъа а.

***

Хьайн олаллин хенахь хьайн сий даккха,

Цхьа а сий дерг сийдоцчу ма ваккха.

Хьан тIулг-йоза нуьре латтон ерш

Абдел-аббделц – церанаш ю цIерш.

Хьол хьалха а кхузахь шахаш хилла,

Цхьа йозанаш дисна, уьш дIабийлла.

Цхьаннан сий хир хIотталц Къемат-де,

НеIалтаца йохуш вукхун цIе.

***

Моттлелочех дог теший ма Iе,

Цхьа мотт беънехь, хьал ахь айхьа зиэ.

Дикчух даржон хабарш ма де къобал,

Бехках вита доггах деш верг тоба.

Йоьхучунна тхов-кхалу а ло,

Ялхо ма ве, я́ларх гIалатло.

Ткъа юх-юха къинош лето волахь,

Буржалш туохий, набахти чу волла.

Буржалех а гIуллакх ца хилахь,

ДIаьвше зIийдиг – бухаяккха ахь.

Амма, кхел еш айхьа зуламдена,

Вен маголе цхьа хьесап а делахь:

Бадахшанан лал[9], цкъа аталахь, 

Юха вовшахлатор дац и ахь.